# КИШИ БИЗНЕСТИҢ ИННОВАЦИЯЛЫҚ БЕЛСЕНДИЛИГИ АЙМАҚЛАРДЫҢ ЭКОНОМИКАСЫН РАЎАЖЛАНДЫРЫЎШЫ ФАКТОР СЫПАТЫНДА

**Сарсенбаева Гулайым Бахтияр қызы**

**Аннотация.** Усы мақалада киши бизнестиң инновациялық белсендилиги аймақлардың экономикасын раўажландырыўшы драйвер сыпатында фактор екенлиги үйренилген. Сондай ақ инновациялық искерлик бизнес процесслердиң айрықша бөлими, басқарыўдың айрықша объекти болып, финанслық капитал, мийнет ҳәм басқа ресурсларды басқарыўды өз ишине қамырап алады. Системалық қатнасыўсыз басқарыў нәтийжесиз болып қалыўы ҳәм бул жағдайда инновациялар киши бизнестиң барлық процесслерине (интеллектуал, социаллық, экономикалық, психологиялық) тәсир көрсетиўи лазым екенлиги анализленген.

**Таяныш сөзлер:** киши бизнес, инновация, инновациялық искерлик, инновациялық белсендилик,ИТКИЖ.

Көпшилик экономист алымлар тәрепинен алып барылып атырған изертлеўлер нәтийжесинде инновациялар тараўында жүзлеген идеялардан аз санлы идеялар экономикалық жақтан табыслы әмелге асырылады, көпшилик идеялар болса экономикалық нәтийжелилиги жоқары емес ямаса экономикалық жақтан тийкарланбаған болып шығады. Булардан көринип турғанындай, усыныс етилип атырған көплеген инновациялық идеялардан, салыстырмалы санаўлы идеяларды әмелге асырыў гөзленген экономикалық нәтийжелерди бериўи мүмкин.

Василенок ҳәм Бразевичлер тәрепинен киши бизнестиң табыслы ислеўи төмендеги факторларға байланыслылығы көрсетип өтилген:

ири компаниялар ушын экономикалық пайда келтирилмейтуғын товар ҳәм хызметлер менен тутыныўшылар талабин қанаатландырыў;

жоқары капитал айланбасы;

аймақтың тиккелей мүтажликлерине сәйкеслестирилген инновациялардан пайдаланыў.

аймақлардың раўажланыўдәрежесин баҳалаўда аймақлық дәрежедеги тийкарғы макроэкономикалық көрсеткиш сыпатында жалпы аймақлық өнимди (ЖАӨ) көрсетип өтиў мүмкин болып, усы көрсеткиш аймақлардағы соңғы тутыныўға мөлшерленген товар ҳәм хызметлер ислеп шығарыў процесин характерлейди. Аймақларды социал-экономикалық раўажландырыў мәселелери узақ ўақытлардан берли ҳәр түрли илимий тараўдың ўәкиллери арасында додалаўлар темасы саналады. Неоклассикалық мектеп ўәкиллери болған П. Самуэлъсон, Р. Солоулар турақлы түрде экономикалық системалардың өз-өзин раўажландырыў теориясына салмақлы үлес қосқан. Шет ел экономист алымларының илимий изертлеўлеринде аймақларды өз-өзин раўажландырыў (self-development) соның менен бирге, өз-өзин шөлкемлестириў, өз-өзин тәмийинлеў, өз-өзин аңлаў контекстинде мәселелер көрип шығылған. Атап айтқанда, Саиенсуснинг атап өтиўише, инновциялық турақлылықты басқарыў системасы басқарыў тәртипке салыў жәрдеминде системаның ийкемлесиўшеңлигин асыратуғын өз-өзин раўажландырыў элементлеринен ибарат. Қытайда аймақлардың өз-өзин раў тәмийинлеў ўазыйпасы мәмлекетлик сиясаттың қурамына киреди. Бунда экономикалық потенциалы төмен болған аймақларға илим, техника ҳәм тәлимди раўажландырыў жойбарларына финанслық субсидиялар, инвестициялар бериў ҳәм экологиялық жағдайын жақсылаў арқалы өз-өзин раў қәбилетин асырыўға жәрдем бериў ушын арнаўлы сиясатты енгизиў зәрүрлиги белгиленген. Системалы қатнас көз қарасынан, муниципалитеттиң өз-өзин раўажланыўын жақын ҳәм узақ мүддетте бул аймақ халқы ушын қолайлы жасаў шараятларын жаратыў ушын тийкарланып жергиликли, соның менен бирге тартылған ресурслардан пайдаланыўды максимал дәрежеде асырыўды түсиниў керек. Муниципалитетлерди өз-өзин раўажландырыў факторлары эксперт баҳалаў усылари, SWOT ҳәм PEST анализ, өз-өзин раўажландырыў дәрежесиниң интеграл көрсеткишин есаплаў арқалы баҳаланады. Россия Илимлер Академиясы Урал филиалы Экономика институты тәрепинен арнаўлы бир аймақтың қәбилетин баҳалаўда мүмкин болған үш критериядан пайдаланыў усыныс етилген: Биринши критерия бойынша, жалпы аймақлық өнимниң өсиўи узақ мүддет даўамында мәмлекет бойынша орташа баҳадан жоқары болған аймақлар өзи раўажланып атырған социал - экономикалық системалар саналады. Екинши

критерия бул өсиўди өз финанслық мүмкиншиликлерин асырыў есабынан, атап айтқанда, киши бизнес искерлигин раўажландырыў арқалы жергиликли қосымша дәраматлар тусимин тәмийинлеў. Өз-өзин раўжландырыўдың үшинши критериясы ишки ҳәм дүнья жүзи хожалығының басқа субъектлери менен интегратцион өз-ара қатнасықлар процессинде товарлар ҳәм финанслық ресурслардың аймақлық ағыслары балансын сәўлелендириў ушын мөлшерленген. Бул жерде сөз аймақлық экономикалық системаның саўда ҳәм финанслық төлем балансының унамлы сальдосын турақлы сақлай алыў қәбилети ҳаққында барып атыр. Көринип турғанындай, олда, аймақлардын социал-экономикалық раўжланыўын анықлаўшы белгилейтуғын критериялар ишинде биринши ҳәм үшинши критерияларды қоллаў машқала есапланады.

Солай етип, өзи-өзинен раўажланылып атырған муниципалитетлерди анықлаў критериясы узақ ўақыт даўамында муниципалитет көрсеткишлериниң өсиў пәтлериниң (абсолют ҳәм орташа жыллық ) орташа мәнисине салыстырғанда жоқары болыўы мүмкин. Мысалы, аймақтың аўыл хожалығы өндирисине салыстырғанда жоқары, санаат потенциалы болса оғада төмен болыўы мүмкин.

Сол себепли санаат тараўы тийкарынан аймақдың өз-өзин раўажландырыў факторы емес. Аймақлардың өзин өзи раўажландырыўда киши бизнес инновциялық активлигиниң күшейтиўи зәрүрли факторлардан бири саналып, жалпы аймақлық өним қурамында жоқары қосылған баҳалы өнимлер үлесиниң жоқарылығын және бул өз гезегинде жергиликли бюджет дәрамат түсимлериниң өсиўине алып келиўи нәтийжесинде бюджет саласында финанслық ғәрезсизликти тәмийинлеўге алып келеди. Атап айтқанда, илимий-изертлеў ҳәм исленбелер қәрежетлериниң инновциялық өнимлер көлеми ҳәм киши бизнес кәрханаларының инновциялық активлиги дәрежесиниң жалпы аймақлық өнимге тәсирин баҳалаўда көп факторлы корреляция анализи әмелге асырылған. Әмелге асырылған эконометрик анализ нәтийжелеринде жалпы аймақлық өним дәрежесинде киши бизнес инновциялық активлиги тәсири унамлы болып, жоқары статистикалық әҳмийетке ийе екенлиги анықланған. Алып барылған барлық эмпирик изертлеў нәтийжелеринен биринши жуўмағында, барлық мәмлекетлерде аймақлық жалпы өним ҳәм жергиликли бюджет дәрамат түсимлери ортасындағы статистикалық

байланыслылық сезилерли дәрежеде унамлы есапланады. Бул болса өз гезегинде нәтийжелерди, яғный салықларды жыйнаў ҳәм төлеў қәбилети раўажланыў дәрежеси менен артып атырғанын тастыйықлайды.

Жуўмақлап соны айтып өтиўимиз керек, киши бизнес саласында инновациялық искерликти кеңейтиў аймақлардың социал-экономикалық раўажландырыўда үлкен әҳмийетке ийе. Соның менен бир қатарда, инновациялық киши бизнести раўажландырыў аймақлардағы көплеген социал ҳәм экономикалық тараўдағы машқалаларди шешиўде зәрүрли болған факторлардан бири есапланады.

**Пайдаланылған әдебиятлар дизими:**


1. Qalmuratov B, Qalbaeva I.E., Kewlimjaev B.Q. Ekonomika tiykarları oqıw metodikalıq qollanba// Toshkent «METODIST NASHRIYOTI» 2023 88 b
2. Қалмуратов Б., Тлеубергенов Р. Минтақада кичик бизнес ва хусусий тадбиркорликни ривожлантириш йўналишлари //“Ўзбекистонда мулкчилик шаклларининг ривожланиши: ютуқлар ва муаммолар» мавзусидаги Республика илмий-амалий анжумани илмий мақолалар ва маърузалар тўплами 2015 10 декабрь 103-105 бетлар
3. Назарбаев О. Калмуратов Б. Роль бизнес инкубаторов в развитий инновационной деятельности// Актуальные проблемы гуманитарных и социально-экономических наук. Россия, Волгаград – 2018. – № 12 84-87стр
4. Қалмуратов Б. Жуманазарова М. Елимизде киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик тараўын қоллап-қуўатлаў бағдарлары//«Демографиялық раўажланыўдың социаллық-экономикалық машқалалары ҳәм республикада миграциялық сиясат» атамасындағы республикалық илимий-әмелий конфернециясы материаллары топламы Нөкис 2016 23-24май 127-130 б.